

Bhaibheri reVana
zvipo

Pasika
yekutanga



Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rinoenzanisirwa na: Janie Forest
Alastair Paterson

Yakatorwa na: Lyn Doerksen

Yakashandurwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.

Rezinesi: Une mvumo yekukopa kana kupurinda iyi nyaya,
chero bedzi usingaitengese.



Mudzimai akamira pamusoro
pechikomo chine ruzha,
maziso ake akasuwa
akatarisa kumusoro
kunzvimbó inotyisa.
Mwanakomana
wake aifa. Amai
vacho vaiva Maria,
uye vakamira
pedyo nenzvimbó
yakarovererwa
Jesu
pamuchinjikwa.



Zvakaitika sei zvese
izvi? Jesu aigona sei
kupedza hupenyu
hwakanaka
kudaro nenzira
inotyisa
kudaro? Mwari
vangatendera
sei Mwanakomana
wavo kuti arovererwe
pamuchinjikwa kuti
afire ipapo? Jesu
akakanganisa here
pamusoro pekuti aive ani?
Mwari akakundikana here?



Aihwa! Mwari haana
kukundikana. Jesu anga
asina kukanganisa. Jesu
aigara achiziva kuti
achauraiwa nevanhu
vakaipa. Kunyange Jesu
paakanga achiri mucheche,
mumwe murume akwegura
ainzi Simiyoni akaudza
Mariya kuti kusuruvara
kwaiva mberi.



Mazuva mashoma
Jesu asati aurawa,
mumwe mukadzi
akauya ndokumudira
zvinonhuwirira patsoka
dzake. "Ari kупедза mari,"
vadzidzi vakanyunyuta. "Aita
basa rakanaka," Jesu akadaro. "Akazviitira
kuvigwa kwangu." Mashoko asinganzwisisike!




Mushure meizvi, Judhasi,
mumwe wevadzidzi vaJesu
vanegumi nevaviri, akabvuma
kutengesa Jesu kuvapristi
vakuru nemasirivheri
makumi matatu.



Pamutambo wechiPaseka
wechiJuda, Jesu akaita kudya
kwake kwekupedzisira nevadzidzi
vake. Akavaudza zvinhu
zvinoshamisa pamusoro paMwari
uye nezvipikirwa zvake kune
avo vanomuda. Ipapo Jesu akapa
chingwa nekapu kuti vagovane. Izvi
zvaive zvekuvayeuchidza
kuti muviri
waJesu neropa
rake zvakapihwa
kuti zviunze
kuregererwa
kwezvivi.



Ipapo Jesu akaudza shamwari dzake kuti
aizotengeswa, uye ivo vachatiza. "Handitize," Peter
akasimbirira. "Jongwe risati rarira, uchandiramba
katatu," Jesu akadaro.



Gare gare
husiku ihwohwo,
Jesu akaenda
kundonamata muBindu
reGetsemene. Vadzidzi
vaaiva navo vakarara.
"O Baba Vangu,"
Jesu akanamata,
"... Mukombe uyu
ngaupfuure kwandiri.
Zvakadaro, kwete
sekuda kwangu, asi
sekuda kwenyu."



Pakarepo mhomho yakapinda
mumunda, inotungamirwa naJudhasi.
Jesu haana kuramba, asi Peter
akagura nzeve yemurume.
Chinyararire, Jesu akabata
nzeve yemurume uyu
ndokumuporesa. Jesu
aiziva kusungwa kwake
kwaive kuda kwaMwari.




Mhomho yacho yakaendesa Jesu kumba kwemupristi mukuru. Ikoko, vatungamiriri vechiJuda vakati Jesu anofanira kufa. Pedyo, Peter akamira padivi pemoto wevaranda akatarisa.




Katatu vanhu vakatarisa kuna Petro ndokuti, "Iwe wanga una Jesu!" Katatu Petro akazviramba, sekutura kwakaita Jesu kuti achazviita. Peter akatombotuka nekutuka.



Pakarepo, jongwe
rakarira. Rakanga
rakaita sezwi raMwari
kunaPetro. Achirangarira
mashoko aJesu, Petro
akachema neshungu.





Judhasi akazvidemba, zvakare.
Aiziva kuti Jesu aive asina
mhosva yechivi kana mhosva.
Judhasi akatora masirivha
makumi matatu, asi
vapristi vakaramba
kuatora.





Judhasi akakanda
mari pasi, akabuda -
ndokuzvisungirira.




Vaprista vakaunza Jesu pamberi
paPirato, gavhuna weRoma.
Pirato akati, "Handina kuwana
mhosva kumunhu uyu."
Asi mhomho yevanhu
yakaramba ichichema
ichiti, "Murovererei!
Murovererei!"




Pakupedzisira Pirato akabvuma, uye
akatongera Jesu kuti arovererwe
pamuchinjikwa. Varwi vakarova
Jesu, vakamupfira mate kumeso,
uye vakamurova netyava.

Vakagadzira korona ine mirefu
ndokuitsimbirira pamusoro wake.

Ipapo vakamuroverera
pamuchinjikwa kuti afe.



Jesu aigara achiziva kuti achafa nenzira iyoyo.
Aiziva zvakare kuti kufa kwake kwaizounza
kuregererwa kwevatadzi vanovimba
maari. Matsotsi maviri
akarovererwa padivi
paJesu. Mumwe akatenda
pana Jesu - ndokuenda
kuParadhiso. Mumwe
wacho haana kudaro.



Mushure memaawa
ekutambudzika, Jesu
akati, "Zvapera,"
ndokufa. Basa rake
yakanga yapera.
Shamwari dzake
dzakamuviga
muguva
rakavanzika.



Masoja eRoma akabva
aisa mucherechedzo
nekuchengetedza
guva. Iye
zvino hapana
munhu aigona
kupinda - kana
kubuda.



Dai uku kwaive kupera
kwenyaya, zvaizosuwisa
sei. Asi Mwari vakaita
chimwe chinhu
chinoshamisa.
Jesu haana
kuramba akafa!




Mangwanani-ngwanani ezuva
rekutanga revhiki, vamwe
vevadzidzi vaJesu
vakawana dombo
rakungurutswa
kubva paguva.
Pavakatarisa
mukati, Jesu
akange asipo.



Mumwe mukadzi akasara, achichema
pedyo neguva. Jesu akazviratidza
kwaari! Akamhanya achidzoka
nemufaro kunotaurira vamwe
vadzidzi. "JESU MUPENYU!
JESU ANODZOKA
KUVAKAFA!"





Nenguva isipi Jesu akanya kuvadzidzi,
ndokuvaratidza maoko ake aive neronda
rezvipikiri. Chaive chokwadi. JESU AIVA
MUPENYUzve! Akakanganwira Peter
nekurumba, uye akaudza vadzidzi vake
kuti vaudze munhu wese nezvake. Ipapo
akadzokera kudenga kwaakange abva.



Pasika yekutanga

Nyaya kubva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Mateo 26-28, Ruka 22-24,
Johane 13-21

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Pisarema 119:130





Magumo



Iyi nyaya yeBhaibheri inotitaurira nezvaMwari wedu anoshamisa uyo akatiita uye uyo anoda kuti iwe umuzive.

Mwari vanoziva kuti takaita zvakaipa, izvo zvavanodaidza kuti zvivi. Kurangwa kwechivi rufu, asi Mwari anokuda zvakanyanya

Akatuma Mwanakomana wavo mumwechete, Jesu, kuti afire paMuchinjikwa uye arangwe zvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka kuupenyu akaenda kumusha kuDenga! Kana iwe ukatenda kuna

Jesu uye zvivi zvako, Anozviita! Iye achauya agare mauri izvozvi, uye iwe uchagara Naye nekusingaperi.

Kana iwe uchitenda ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Anodiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye mukava murume kufira zvivi zvangu, uye zvino Muri kurarama zvakare. Ndapota pindai muhupenyu hwangu uye mundiregerere zvivi zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva izvozvi, uye rimwe zuva ndiende kuzova nemi nekusingaperi. Ndibatsire kuti ndikuteerere uye ndirarame Iwe seMwana Wako. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye utaure naMwari mazuva ese! Johani 3:16

